

**DAMEL *E-LEARNING* NYEMAK PAWARTOS
BASA JAWI KANGGE *MEDIA* PASINAON
SISWA KELAS VIII SMP**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :
DIKA YUNANTO
14205244022

Yogyakarta, 17 April 2018
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

Yogyakarta, 17 April 2018
Pembimbing,

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.
NIP. 19640201 198812 1 001

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

DAMEL E-LEARNING NYEMAK PAWARTOS BASA JAWI KANGGE MEDIA PASINAON SISWA KELAS VIII SMP

CREATE E-LEARNING LISTENING TO THE NEWS IN JAVA FOR LEARNING MEDIA OF VIII GRADE JHS

Dening : Dika Yunanto, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta dekaye.dika@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas (1) ngandharaken caranipun damel *media E-Learning* nyemak pawartos basa Jawi, (2) ngandharaken pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi*, (3) ngandharaken pamanggihipun *media* saking guru saha siswa. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)*. *Produk* ingkang dipunasilaken inggih menika *E-learning*. Asiling *validasi media* dipunandharaken kanthi *deskriptif*. Asiling panaliten menika nedahaken (1) damel *media* pasinaon menika nglampahi tataran *analisis* kabetahan, tataran *desain media*, tataran damel *media*, tataran *validasi* saha *ujicoba*, saha damel *produk* pungkasan; (2) asiling *validasi* dening dosen *ahli materi* pikantuk *persentase* 100% *kategorinipun* sae sanget, asiling *validasi* dening dosen *ahli media* pikantuk *persentase* 93.33% *kategorinipun* sae sanget; saha (3) asiling *validasi* dening guru basa Jawi pikantuk *persentase* 74% *kategorinipun* sae, sarta pamanggih siswa pikantuk *persentase* 83.35% *kategorinipun* sarujuk sanget. *Media* pasinaon menika saged dados *alternatif* pasinaon nalika kelas dipuntilar. *Media* pasinaon menika dipunginakaken kanthi cara *offline* saha *online* mawi www.elearningbasajawi.net.

Pamijining tembung : *E-learning*, Nyemak, Pawartos Basa Jawi, *Media* Pasinaon

Abstract

This research was aimed to (1) describes how to create instructional media E-learning listening to the news in Java, (2) describes media quality assesment from lecturer of material experts and lecturer of media experts, (3) describes the respon of media from teacher and student. This research was included in Research and Development (R&D). The result of this research is E-learning. The results assesment of the media are using descriptive way. The results assesment are described (1) this product is made refering to the level of needs analysis, the level of media design, the level of media create, the level of test and validation, and create final media, (2) the results assesment by lecture of material experts got score 100% that category is very good, lecture of media experts got score 93,33% that category is good, and (3) the result assesment by teacher got score 74% that category is good, and also the respon by student got result 83,33% that category is totally agree. This E-learning can be use with offline method and online by accessing www.elearningbasajawi.net.

Keywords: E-learning, Listening, News in Java, instructional media

PURWAKA

Pasinaon minangka babagan ingkang wigati salebeting pendidikan. Guru minangka sarana pasinaon siswa dipunajib saged ngandharaken materi kanthi jangkep. Guru ingkang asring nilaraken kelas boten saged ningali proses

pasinaon ing kelas. Kahanan menika jalari siswa rame. Anggenipun ngandharaken ancas pasinaon tamtu kemawon boten saged maksimal. Pramila mekaten dipunbetahaken media pasinaon ingkang saged nggantosaken peran guru nalika mucal ing kelas.

Miturut Miarso lumantar Rusman (2013:160) media pasinaon inggih menika samubarang ingkang saged nuwuhaken kawigatosan sinau siswa satemah saged njalari dumadosipun pasinaon. Guru kedah miji media pasinaon ingkang saged mrantasi perkawis jam kosong awit asring nilar kelas. Media pasinaon ingkang dipunpiji kedah saged dados *alternatif* ing perkawis jam kosong antawis guru saha siswa. Pramila media pasinaon ingkang langkung prayogi inggih menika media E-learning.

Miturut Saltzbert saha Grant lumantar Surjono (2011: 2350) E-learning inggih menika sarana kangge guru mahyakaken materi dhateng siswa ingkang saged kalaksanakaken wonten ing wekdal saha papan pundi kemawon. E-learning gadhah mapinten-pinten mumpangat kangge media pasinaon, antawisipun : (1) Papan ingkang tebih saged cekak amargi saged dipunlaksanakaken ing papan pundi kemawon kanthi sarat gadhah komputer kangge akses internet, (2) materi saged dipunandharaken kanthi jangkep boten winates wekdal, saha (3) ningkataken sesambungan antawis guru saha siswa satemah guru saged ningali proses saha murid saged mangertos materi.

Wonten ing pamulangan basa Jawi tumrap SMP adhedhasar Kurikulum 2013 Daerah Istimewa Yogyakarta ing materi pawartos basa Jawi. Kahanan siswa

samenika menawi dipunsukani materi pawartos basa Jawi kathahipun namung sinau nalika ing sekolah. Satemah nalika piwulangan sampun bibar siswa asring supen menapa ingkang dipunsinau. Pramila panaliti badhe damel media pasinaon pawartos basa Jawi tumrap siswa kelas VIII SMP berbasis E-learning. *Media* menika dipundamel kanthi pambiyantu software *Adobe Dreamweaver CS 6* saha *XAMPP*.

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten saha watesaning perkawis, wosing panaliten menika badhe ngrembag:

1. Kadospundi caranipun damel *E-learning* nyemak pawartos basa Jawi ?
2. Kadospundi pambiji *kualitas media* saking dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi* ?
3. Kadospundi pamanggihipun *media* saking guru saha siswa minangka pangagem ?

Wonten panaliten menika badhe damel *Media* pasinaon. Miturut Arsyad (2011:3) *media* inggih menika *perantara* utawi sarana ngandharaken *pesan* saking tiyang ingkang nyukani dhumateng tiyang ingkang nampi. *Media* pasinaon saged dipunperang miturut jinisipun.. Salajengipun paedahipun *media* pasinaon inggih menika kangge *sarana* mucalaken *materi*, saged ugi kangge narik kawigatosan, nambah *variasi media* saha ndadosaken siswa langkung *aktif*.

Media pasinaon ingkang dipundamel inggih menika *E-learning*. Darmawan (2014:86) ngandharaken bilih *E-learning* minangka *implementasi* teknologi kangge mujudaken ancasiipun pasinaon ingkang ngginakaken pirantos *komputer* kanthi sarana *internet*. *Distance learning* kaangkah dados pambengan antawisipun guru saha siswa kanthi cara paring *fasilitas* wonten ing salebeting *media* pasinaon *E-learning*. *Fasilitas*ipun inggih menika awujud *fasilitas diskusi* saha *fasilitas kolom komentar*.

Salajengipun *materi* ingkang dipunginakaken inggih menika pawartos basa Jawi. Miturut Haryadi lumantar Suryani (2016:3) pawartos inggih menika *informasi* ingkang dipunandharaken kanthi wosinipun ngewrat bab ingkang wigati sanget. Pawartos minangka salah satunggaling *media* ingkang nedahaken kasunyatan saha *informasi* tumrap kadadosan ingkang badhe, nembe utawi sampun kalampahan. Pawartos menika palaporan kedadosan ingkang taksih enggal.

Salajengipun *pirantos* kangge damel *media* inggih menika *Adobe Dreamweaver CS6* saha *XAMPP*. Miturut Madcoms (2011:3) *Adobe Dreamweaver CS6* inggih menika pirantos *lunak* kangge damel *desain website* ingkang gadhah *fasilitas* majeng kadosta wonten maneka warni jinisipun *kode bahasa pemrograman*.

Miturut Karyanti (2013:4) *XAMPP* inggih menika salah satunggaling pirantos kangge ngolah saha nampilaken dhata *website* kanthi cara *real*. *XAMPP* biyantu sanget nge-test *website* kanthi cara *offline* saderengipun *website E-learning* dipunupload.

CARA PANALITEN

Panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten *R&D* inggih menika *metode* panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken satunggaling *produk* tartamtu saha nguji *produk* supados *efektif* (Sugiyono, 2015: 26). Panaliten menika dipunlaksanakaken kanthi ngempalaken dhata/*informasi* sakathah-kathaipun.

Caranipun damel *media* pasinaon menika adhedhasar *teoripun* Padmo, miturut Padmo (2004: 418-423) wonten gangsal tataran ingkang kedah dipuntindakaken, inggih menika: (1) tataran *analisis* kabetahan, (2) tataran *desain media*, (3) tataran damel *media*, (4) tataran *validasi* saha *ujicoba media*, saha (5) damel *produk* ingkang pungkasan.

Pambiji *produk* menika adhedhasar *desain* panaliten *deskriptif*. Ancasiipun inggih menika ngandharaken pambijinipun dening dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, guru basa Jawi saha pamanggih siswa kangge pambiji pungkasaning *media* pasinaon.

Jinising dhata ingkang dipunginakaken inggih menika Dhata Skala Likert. Miturut Sugiyono (2015: 165) Skala likert dipunginakaken kangge ngukur *kualitas media* adhedhasar pamrayogi tumrap *produk* ingkang dipundamel. *Indikator* minangka dhasaring pambiji tumrap *media* pasinaon ingkang dipundamel. Miturut Sugiyono (2015: 166) *indikator* pambiji saged dipunperang dados *kategori* SS (Sae Sanget), S (Sae), C (Cekap), K (Kirang), saha KS (Kirang Sanget). Miturut Sugiyono (2015: 165) *indikator* pambijinipun dipunperang dados *kategori* SS (Sarujuk Sanget), S (Sarujuk), C (Cekap), KS (Kirang Sarujuk), saha BS (Boten Sarujuk).

Pandom pambiji *kualitas media* dipuntindakaken kanthi pados biji saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. Salajengipun pirantos ingkang dipunginakaken awujud *angket validasi* pambijining *media* pasinaon.

Teknik analisis dhata wonten ing panaliten menika dipunperang kanthi kalih cara. Tata caranipun inggih menika ngewahi biji kategori dados skor pambiji saha nganalisis skor. Pambiji ingkang awujud biji kategori salajengipun dipunewah dados skor pambiji (Sugiyono, 2016: 137). Asiling pambiji saged dipungantos dados skor pambiji kadosta SS (Sae Sanget):5, S(Sae):4, C(Cekap):3,

K(Kirang):2, KS(Kirang Sanget):1 saha SS (Sarujuk Sanget):5, S(Sarujuk):4, C(Cekap):3, KS(Kirang Sarujuk):2, BS(Boten Sanget):1. Nganalisis skor mawi cara ngetung skor ingkang dipunpikantuk saking panaliten, gunggungipun skor ideal kangge sedaya item dipunpingaken 100% (Sugiyono, 2016: 138). Asil saking *tabel* menika dipunetang kanthi cara *sismatematis* :

Presentase tingkat pambiji =

$$\frac{\sum \text{Skor yang diperoleh dari penelitian}}{\sum \text{skor yang ideal seluruh item}} \times 100\%$$

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Asiling Panaliten

Cara Damel *Media Pasinaon*

Tataran *analisis kabetahan* dipunlampahi saderengipun damel *produk media* pasinaon. Tataran *analisis* ingkang dipunlaksanakaken dening panaliti inggih menika *analisis* kurikulum. Sasampunipun tataran *analisis* kabetahan kalaksanakaken, salajengipun inggih menika tataran *desain media*. Tataran *desain media* menika kangge nemtokaken wosipun *media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Wonten tataran *desain media* menika panaliti ndamel *flowchart* saha *storyboard*. Sasampunipun damel *flowchart*, lajeng damel *storyboard* ingkang ngewrat gambaran kasar saking *media* ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing

salebeting *media* pasinaon. *Produk* menika saged dipunginakenkanthi *offline*, kanthi nglampahaken *konfigurasi web server* ngginakaken *aplikasi Adobe Dreamweaver CS6* saha *XAMPP*.

Sasampunipun tataran *desain media*, tataran salajengipun inggih menika tataran anggenipun damel *media*. *Media* dipunsusun kanthi adedhasar *flowchart*, *storyboard*, saha *materi* ingkang sampun dipundesain. Salajengipun *media* pasinaon dipundamel arupi *E-learning* awujud *website* kanthi ngginakaken *aplikasi Adobe Dreamweaver CS6* saha *XAMP*.

Sasampunipun *media* pasinaon dados, tataran salajengipun inggih menika tataran *validasi* saha *uji coba*. *Validasi* menika mbetahaken pasarujukan saking dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Tataran menika ugi kangge nemtokaken *media* menika sampun saged dipun*ujicoba* menapa dereng. Asil saking *validasi media* pasinaon menika awujud *angket* dhata saking dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru *mata pelajaran* basa Jawi. *Ujicoba media* pasinaon dipunlaksanakaken tumrap siswa kelas VIII SMP. *Ujicoba media* pasinaon awujud *proses* piwulangan kados padatanipun saha ginakaken *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel. Salajengipun siswa ngisi *angket* dhata. Wosinipun *angket* dhata inggih menika ngewrat pamrayogi siswa tumrap *media* pasinaon.

Tataran pungkasan ingkang dipunlampahi inggih menika *ngrevisi media* pasinaon saking dhata ingkang sampun wonten. Dhata menika arupi *angket* saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. *Revisi* menika dipunlaksanakaken kangge upaya damel *produk* kanthi layak saha sae. Sasampunipun *media* pasinaon *E-learning* pawarta basa Jawi dipun*revisi*, *media* pasinaon menika sampun samekta dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi.

Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi saha Dosen Ahli Media tumrap Media Pasinaon

Validasi Media dening Dosen Ahli Materi

Validasi dosen *ahli materi* tumrap *media* pasinaon ingkang dipundamel menika kangge maringi biji saha pamrayogi ingkang sae kanthi *lisan* saha kaserat babagan materi ingkang dipunandharaken wonten ing *media* pasinaon. Dosen ingkang dados *validator kualitas media* inggih menika Ibu Dra. Siti Mulyani, M.Hum. Pambijining *kualitas media* pasinaon dening dosen *ahli materi* menika kaperang dados 8 *indikator*.

Validasi dening dosen *ahli materi* menika katindakaken wonten kalih tataran. Adhedhasar *validasi* dening dosen *ahli materi* tataran 1 pikantuk *persentase* 77,5% ingkang *kategorinipun* sae. Pamrayogi saking dosen *ahli materi* inggih menika

pamilihing tetembungan kajumbuhaken kaliyan paugeran saha pangrakiting ukara kajumbuhaken kaliyan cak-cakaning utawi panganggenin ing swasana resmi.

Wondene biji *validasi kualitas media* dening dosen ahli materi tataran II mindhak dados 100% ingkang kalebet kategori sae sanget. Mindhakupun biji *validasi kualitas media* menika awit saking sampun nindakaken *revisi media* pasinaon ingkang dipunjumbuhaken kaliyan pamrayoginipun dosen ahli materi.

Validasi Media dening Dosen Ahli Media

Validasi dosen ahli media tumrap *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel menika kangge maringi biji saha pamrayogi ingkang sae kanthi lisan saha kaserat babagan *kualitas tampilan* wonten ing *media* pasinaon. Dosen ingkang dados *validator kualitas media* inggih menika Ibu Nurhidayati, S.Pd. M. Hum. Pambijining *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli media menika kaperang dados 9 indikator.

Adhedhasar tataran ingkang sampun dipunlampahi saged dipunmangertosi asiling biji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli media. Wonten ing tataran I menika pikantuk *presentase* 68.88 % ingkang kalebet kategori sae. Wondene pamrayoginipun inggih menika *posisi tombol* dipunparingi werni supados langkung katingal satemah gampang *navigasi* panganggenipun *media*, *video*

pawartos katambah supados jumbuh kaliyan temanipun indikator, perlu diparingi respon nalika siswa sampun nggarap/gladhen.

Salajengipun, asiling biji *validasi kualitas media* pasinaon tataran II dening dosen ahli media pikantuk *persentase* 93.33% ingkang kalebet kategori sae sanget. Mindhakupun biji *validasi kualitas media* pasinaon menika saking *revisi media* pasinaon ingkang dipunjumbuhaken kaliyan pamrayogi wonten ing tataran I.

Pambijining Media Pasinaon dening Guru Basa Jawi saha Pamanggih Siswa tumrap Media Pasinaon

Pambiji Guru Basa Jawi

Angket pambiji dening guru basa Jawi menika kaperang dados kalih inggih menika perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* saha perangan *kualitas tampilan media* pasinaon. Wosipun perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* kangge mangertosi menapa sampun trep andharan materi wonten ing *media* pasinaon. Dene perangan *kualitas tampilan* kangge mangertosi menapa sampun layak.

Aspek Leresipun Konsep saha Kompetensi

Aspek leresipun *konsep* saha *kompetensi* menika kaperang dados 6 indikator. Adhedhasar andharan biji perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* kasebat, gunggungipun pikantuk *presentase* 73% ingkang kalebet kategori sae. Salajengipun guru paring pamanggih bilih babagan

panyaosan materi kaliyan *pengembangan media* pasinaon menika sampun cekap sae lan materi gampil ditampi amrang para *murid* uwati siswa.

Aspek Aspek Kualitas Tampilan

Aspek kualitas tampilan menika kaperang dados 4 *indikator*. Asiling biji *kualitas media* wonten ing *aspek kualitas tampilan* dening guru basa Jawi pikantuk *persentase* 75% ingkang kalebet *kategori* sae. Saking biji menika ngandharaken bilih *kualitas tampilan* wonten *media* pasinaon *E-learning* nyemak pawartos basa Jawi ingkang sampun dipundamel saged dipunginakaken wonten ing piwulangan pawartos basa Jawi siswa kelas VIII SMP. Wondene pamrayogi saking guru basa Jawi inggih menika *tampilan media* pasinaon menika gampil dipuntampi dening para murid utawi siswa.

Pamanggih Siswa Kelas VIII

Media pasinaon menika dipun*ujicobakaken* dhateng siswa SMP N 2 Pleret kelas VIII A ingkang cacahipun 30 siswa. Tataran menika ancaspun kangge mangertosi pamrayogi saha bab menapa kemawon ingkang kirang trep wonten ing *media* pasinaon. Sasampunipun *ujicoba* sampun katindakaken siswa dipundhawuhi ngisi saha nyerat pamrayogi wonten ing *angket* dhata. *Angket* dhata pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon menika kaperang dados 4 *aspek*. Wondene andharan pamanggih siswa tumrap *media*

pasinaon menika kaandharaken kados mekaten.

Aspek Gampilipun Mangertosi

Angket dhata pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan gampilipun mangertosi kaperang dados 5 *indikator*. Wondene *rata-rata* biji wonten *aspek* gampilipun mangertosi pikantuk 84,66% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

Aspek Kemandirian Sinau

Angket dhata pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *kemandirian* sinau kaperang dados 4 *indikator*. Wondene *rata-rata* biji wonten *aspek* *kemandirian* sinau pikantuk 85,16% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

Aspek Penyajian Media

Angket dhata pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *aspek penyakoian media* kaperang dados 5 *indikator*. Wondene, *rata-rata* biji wonten *aspek penyajian media* pikantuk 83,86% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

Aspek Pengoperasian Media

Angket dhata pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *aspek pengoperasian media* kaperang dados 4 *indikator*. Wondene *rata-rata* biji wonten *aspek pengoperasian media* pikantuk 81,66% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

Pirembagan

Cara Damel Media Pasinaon

Tataran Analisis Kabetahan

Tataran *analisis* dipunlaksanakaken kanthi cara *analisis kurikulum* saha kahanan siswa wonten ing kelas. *Analisis* kurikulum adhedhasar saking *Kompetensi Inti (KI)*, *Kompetensi Dasar (KD)*, *Indikator*. *Analisis* kahanan siswa dipuntindakaken nalika *mata pelajaran* basa Jawi dipuntilar dening guru. Sasampunipun ng*analisis kurikulum*, salajengipun panaliti rembagan kaliyan guru basa Jawi SMP N 2 Pleret. Guru ngajengaken sanget wontenipun *media* pasinaon ingkang saged nggantosi guru mucal nalika kelas dipuntilar. *Media* menika inggih menika *E-learning* nyemak pawartos basa Jawi arupi *website* awujud *offline* utawi *online*.

Tataran Desain Media

Tataran menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken sedaya kabetahan *materi* pawartos basa Jawi. Sasampunipun *materi* kasusun, salejengipun damel *flowchart* utawi *diagram* urutanipun damel *media*. *Flowchart* menika salajengipun dipunpijikaken kaliyan sedaya kabetahan *materi* wonten ing *storyboard* utawi naskah *media*. Sedaya gambaran *ranacangan* utawi *desain media* menika kalebetaken wonten ing *storyboard*. Satemah anggenipun damel *media* pasinaon sampun wonten arahanipun.

Tataran Damel Media

Tataran damel *media* menika damel sedayanipun kabetahan *media* pasinaon

awit saking wiwit dumugi *produk media* ingkang pungkasan. Anggenipun damel *media* adhedhasar *flowchart* ingkang sampun dipundamel wonten ing tataran *desain media*. Salajengipun, *flowchart* dipunwudhar wonten ing *storyboard*. Wonten ing salabeting *storyboard* sedaya *materi* pawartos basa Jawi *media* sampun dipunpijikaken kaliyan *layout desain media* pasinaon. Anggenipun damel *media* pasinaon ngginakaken *software Adobe Dreamweaver* saha *XAMPP* minangka pambiyantu anggenipun *coding website* saha *ujicoba server* kanthi cara *offline*.

Tataran Validasi saha Ujicoba

Tataran *validasi* menika mbetahaken dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Validasi media* dening doesn *ahli materi* kangge paring pambiji saha pamrayogi tumrap trepipun *materi* wonten *media* pasinaon. Salajengipun *validasi media* pasinaon ugi dipuntindakaken dening guru basa Jawi. guru basa Jawi paring pambiji tumrap *media* pasinaon adhedhasar leresipun *konsep* saha *kompetensi* saha *kualitas tampilan*. salajengipun inggih menika tataran *ujicoba media*. *Media* menika dipun*ujicoba* tumrap siswa kelas VIII wonten ing SMP N 2 Pleret.

Tataran Pungkasaning Media

Tataran pungkasaning *media* dipunlampahi sasampunipun tataran *analisis* kabetahan, tataran *desain media*, tataran damel *media*, saha tataran *validasi*

saha *ujicoba* katindakaken. Sedaya pamrayogi saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media* saha guru basa Jawi dipunginakaken kangge dandosi *media* pasinaon supados jumbuh kaliyan *materi* pasinaon saha narik kawigatosan siswa. Sasampunipun *media* pasinaon *E-learning* nyemak pawartos basa Jawi dipundamel salajengipun inggih menika *media* pasinaon dipunrevisi. Sasampunipun *media* pasinaon menika dipunrevisi, salajengipun *media* pasinaon ingkang arupi *website* menika samekta dipunginakaken.

Pambijining Kualitas Media Pasinaon dening Dosen Ahli Materi saha Dosen Ahli Media tumrap Media Pasinaon Validasi Media Pasinaon dening Dosen Ahli Materi

Validasi media pasinaon dening dosen *ahli materi* katindakaken supados pikantuk biji saha pamrayogi satemah *media* pasinaon menika *layak ujicoba*. Wondene *validasi media* pasinaon dening dosen *ahli materi* kaperang dados 8 indikator.

a) Jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar saha indikator

Indikator menika wonten ing tataran I saha tataran II pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Materi ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting *media* pasinaon menika sampun jumbuh kaliyan kabetahan piwulangan ing pawartos basa Jawi.

b) Sistematika andharan materi sampun leres

Biji wonten ing tataran I saha tataran II bab indikator sistematika andharan materi sampun leres pikantuk 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. *Sistematika* andharan *materi* wonten ing *media* menika sampun kaandharaken kanthi sae saha *sistematis*. *Navigasi* saha urutanipun sinau wonten ing *media* pasinaon menika sampun trep.

c) Cethanipun andharan materi

Wonten ing validasi tataran I cethanipun andharan materi pikantuk biji 4 ingkang kalebet kategori sae. Anggenipun ngginakaken basa taksih kirang trep saha kirang cetha. Validasi *media* pasinaon tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Anggenipun ngandharaken *materi* wonten ing *media* pasinaon sampun cetha.

d) Jumbuhipun gladhen kaliyan kompetensi dasar saha indikator

Indikator menika wonten validasi tataran I pikantuk biji 4 ingkang kalebet kategori sae. Anggenipun nyaosaken gladhen wonten *materi* pawartos langkung sae bilih wonten *transkripsi video* ingkang awujud teks wonten ing *RPP (Rencana Pelaksanaan Pembelajaran)*. Wonten ing tataran II asiling validasi *media* pasinaon menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Gladhen wonten ing salabeting *media* pasinaon menika sampun

jumbuh kaliyan *kompetensi* saha indikatoripun.

e) Cethanipun pitedah gladhen

Wonten ing validasi tataran I cethanipun pitedah gladhen pikantuk biji 3 ingkang kalebet kategori cekap. Anggenipun ngandharaken pitedah gladhen taksih kirang trep. Asiling validasi tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Pitedah anggenipun ngandharaken gladhen ugi sampun cetha saha trep kaliyan pasinaon pawartos basa Jawi.

f) Leresipun gladhen kaliyan materi

Validasi wonten ing tataran I menika pikantuk biji 4 ingkang kalebet kategori sae. Taksih wonten tetembungan ingkang kirang trep kaliyan paugeran basa. Asiling validasi tataran II pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Ancasipun gladhen ingkang wonten ing salebeting *media* pasinaon sampun leres saha trep kaliyan *materi* pawartos basa Jawi.

g) Cethanipun pitedah ngginakaken media

Indikator menika wonten ing validasi tataran I menika pikantuk biji 3 ingkang kalebet kategori cekap. Anggenipun basa ing gladhen menika taksih kirang trep cak-cakanipun saha paugeranipun dereng sae. Asiling validasi wonten ing tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Basa

ingkang dipunginakaken wonten ing kaca pitedah menika sampun trep.

h) Leres anggenipun migunakaken basa saha gampil dipunmangertosi

Validasi wonten tataran I pikantuk biji 3 ingkang kalebet cekap. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing salabeting *media* pasinaon kirang trep saha radi awrat dipunmangerti. Asiling validasi tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet kategori sae sanget. Anggenipun *revisi media* pasinaon menika sampun jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi*.

Validasi Media Pasinaon dening Dosen Ahli Media

Validasi media pasinaon dening dosen *ahli media* katindakaken supados pikantuk biji saha pamrayogi satemah *media* pasinaon menika *layak ujicoba*. Wondene lembar validasi *media* pasinaon dening dosen *ahli media* kaperang dados 9 indikator.

a) Cethanipun pitedah ngginakaken media

Wonten ing tataran I menika pikantuk biji 3 ingkang kalebet *kategori* cekap. Dosen ahli media paring pamrayogi taksih kathah ukara ingkang kirang trep panganggenipun. Wonten ing validasi tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Pitedah ngginakaken media pasinaon sampun cetha dipunginakaken dhateng siswa.

b) Leres anggenipun ngginakaken basa

Wonten tataran I saha II menika pikantuk biji 4 ingkang kalebet *kategori* sae. Basa ingkang digunakaken sampun sae saha gampil dipunmangertosi sarta gayut kaliyan cak-cakaning paugeran.

c) Kualitas tampilan media pasinaon

Wonten ing tataran I pikantuk biji 3 ingkang kalebet *kategori* cekap. Posisi tombol taksih biasa kirang menarik pramila kedah dipunrevisi. Wonten ing validasi tataran II menika dosen ahli media paring biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. *Media* pasinaon menika sampun jumbuh kaliyan pamrayoginipun.

d) Kualitas video wonten media pasinaon

Wonten ing tataran I, kualitas video wonten media pasinaon dipunparingi biji 3 ingkang kalebet *kategori* cekap. Amrih saenipun media pasinaon menika dipuntambahi malih video pawartosipun supados jumbuh kaliyan indikator kompetensi pasinaon. Wonten ing validasi tataran II pikantuk biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Media sampun katambah video ingkang gayut kaliyan indikator pasinaon.

e) Tampilan media gampilaken siswa ngginakaken media pasinaon

Indikator menika wonten ing tataran I saha II pikantuk biji 4 ingkang kalebet *kategori* sae. Tampilan media sampun gampilaken siswa amargi saking media pasinaon menika dipunbikak sampun

samekta menu-menu ingkang katata kanthi urut saha trep.

f) Cethanipun navigasi media pasinaon

Wonten ing validasi tataran I menika pikantuk biji 3 ingkang kalebet *kategori* cekap. Anggenipun menu-menu navigasi saha tombol-tombol wonten ing salebeting media pasinaon dipunparingi werni supados langkung ketal. Wonten ing tataran II menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Tombol wonten ing salebeting media pasinaon sampun dipunparingi werni ingkang narik kawigatosan.

g) Desain media jumbuh kaliyan materi

Wonten ing tataran I menika pikantuk biji, Kedah ngrevisi media pasinaon malih ingkang kajumbuhaken kaliyan indikator sanesipun. Wondene wonten ing tataran II bijinipun indikator menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Desain media sampun kajumbuhaken kaliyan sedaya revisi saha panganggenipun materi pasinaon.

h) Desain media sampun responsive

Wonten ing tataran I menika pikantuk biji 2 ingkang kalebet kategori kirang. Kedahipun anggenipun siswa sasampunipun nggarap gladhen wonten responipun. Wonten ing tataran II validasi menika pikantuk biji 5 ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Sampun respon dhateng siswa saha gampilaken

panganggenipun guru mundhut asil biji gladhen siswa.

- i) Media saged narik kawigatosan siswa wonten ing tataran I saha II menika pikantuk biji 4 ingkang kalebet kategori sae. Media pasinaon menika sampun gampang dipunginakaken anggenipun materi saha gladhen nambah kawigatosan siswa.

Revisi Media E-learning Nyemak Pawartos Basa Jawi

Asiling *validasi media* pasinaon dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* inggih menika biji saha pamrayogi kangge ngrevisi *media* pasinaon. *Media* pasinaon menika dipunrevisi kanthi jumbuhaken kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Ancasipun *media* pasinaon menika dipunrevisi supados ngasilaken *media* pasinaon ingkang sae saha saged dipunginakaken wonten ing piwulangan.

Pamrayoginipun dosen *ahli materi* inggih menika pamilihing temtebungan kajumbuhaken kaliyan paugeran, pangrakitingukara kajumbuhaken kaliyan cak-cakaning / panganggening ing swasana resmi. Jumbuh kaliyan seratan pamrayogi menika ugi wonten pamrayogi kanthi lisan. Wondene bab ingkang dipunrevisi inggih menika perangan cethanipun andharan *materi*, jumbuhipun gladhen kaliyan kompetensi dasar saha indikator, cethanipun pitedah gladhen.

Pamrayoginipun dosen *ahli materi* inggih menika *posisi tombol* dipunparingi werni supados langkung ketingal stemah gampang *navigasi* panganggenipun *media*, *video* pawartos katambah supados jumbuh kaliyan temanipun *indikator*, perlu dipunparingi *respon* nalika siswa sampun nggarap utawi gladhen.

Pambijining Media Pasinaon dening Guru Basa Jawi saha Pamanggih Siswa tumrap Media Pasinaon

Pambijining Media Pasinaon Miturut Pamanggih Guru Basa Jawi

Media pasinaon menika dipunbiji dening Ibu Jeni Intan Nurrohrawati, S.Pd. minangka guru basa Jawi saha siswa kelas VIII A wonten ing SMP N 2 Pleret. Pambijining *media* dening guru basa Jawi wonten kalih perangan, inggih menika perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* ingkang kaperang dados 6 *indikator*, perangan *kualitas tampilan* ingkang kaperang dados 4 *indikator*.

- a) *Aspek Leresipun Konsep* saha *Kompetensi*

Asiling biji *media* pasinaon perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* menika pikantuk rata-rata 73% ingkang kalebet kategori sae. Tegesipun *media* menika sampun saged dipunginakaken wonten ing piwulangan basa Jawi.

- b) *Aspek Kualitas Tampilan*

Asiling biji *media* pasinaon perangan leresipun *kualitas tampilan*

menika pikantuk *rata-rata* 75% ingkang kalebet *kategori* sae. Tegesipun *media* menika sampun saged dipunujicoba tumrap siswa.

Pambijining Media Pasinaon Miturut Pamanggih Siswa Kelas VIII

Media pasinaon menika dipunujicoba wonten siswa SMP N 2 Pleret kelas VIII A. *Media* pasinaon menika dipunujicoba wonten *lab komputer* sekolah. Sasampunipun *media* pasinaon menika dipunujicoba dhateng siswa, siswa dipuncaosi *angket* dhata pamrayogi ingkang kedah dipunisi. *Angket* pamanggih siswa menika kaperang dados 4 *aspek*.

a) Aspek Gampilipun Mangertosi

Asiling *angket* menika pikantuk *rata-rata* persentase 84.66% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget. Wondene wosipun perangan gampilipun mangertosi kaperang dados 5 indikator.

b) Aspek Kemandirian Sinau

Angket menika kaperang dados 4 indikator. Asiling *angket* pamanggih siswa perangan menika pikantuk *rata-rata* presentase 85.16% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

c) Aspek Penyajian Media

Angket menika kaperang dados 5 indikator. Wondene asiling *angket* menika pikantuk *rata-rata* persentase 83.86% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget.

d) Aspek Pengoperasian Media

Wonten ing *angket* menika pikantuk *rata-rata* persentase 81.66% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget. Persentase *angket* menika kapendhet saking 4 indikator.

Asiling *angket* pamanggih siswa tumrap sedaya perangan menika pikantuk *rata-rata* presentase 83.83% ingkang kalebet *kategori* sarujuk sanget. Tegesipun *media* menika dipunsarujuki siswa awit saking gampilipun dipunmangertosi, ngremenaken siswa sinau kanthi mandhiri, dumugi *pengoperasian media* ingkang gampil. Asiling pamanggih siswa menika ugi sampun kacocokaken kaliyan pamanggih siswa awujud

PANUTUP

Dudutan

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)*. *Produk* ingkang dipunkasilaken inggih menika *media E-learning* nyemak pawartos basa Jawi kangge *media* pasinaon siswa kelas VIII SMP ingkang basisipun *website* ngginakaken *konfigurasi server offline* minangka pananggenipun saha saged dipunbikak kanthi cara *online* mawi akses www.elearningbasajawi.net. Adhedhasar Pambiji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli *materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi saha pamanggih siswa pikantuk *rata-rata* persentase 87.67% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Adhedhasar andharan menika nedahaken bilih *media*

pasinaon ingkang sampun dipundamel saged dados *alternatif* pasinaon saha sarana piwulangan antawisipun guru kaliyan siswa nalika kelas dipuntilar dening guru basa Jawi.

Implikasi

Media pasinaon *E-learning* nyemak pawartos basa Jawi menika minangka sarana *alternatif* pasinaon nalika kelas dipuntilar. *Media* pasinaon menika saged narik kawigatosan siswa saha njalari siswa remen sinau basa Jawi. *Media* pasinaon menika dipunginakaken mawi *komputer/laptop* kanthi wonten setunggal *komputer server* minangka *admininipun*. Guru minangka admin saged mangertos biji gladhen siswa mawi *komputer server*. Wosing *media* pasinaon menika inggih menika *materi* pawartos basa Jawi.

Pamrayogi

Panaliti salajengipun prelu damel *media* pasinaon sanes ingkang saged narik kawigatosan siswa saha njalari siswa remen sinau basa Jawi kanthi materi ingkang beda. Guru saged ngewahi sarana *media* pasinaon ingkang sampun wonten miturut kabetahan sinau siswa. *Media* pasinaon *E-learning* menika saged dipunginakaken sinau siswa kanthi mandhiri.

KAPUSTAKAN

Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta : Raja Grafindo Persada.

Darmawan, Deni. 2014. *Inovasi Pendidikan “Pendekatan Praktik Teknologi*

Multimedia dan Pembelajaran Online”. Bandung: Remaja Rodakarya.

Karyanti, Yuli. Luhukay, Dionne., 2013. *Aplikasi Website Koperasi Dhanamas Dengan Menggunakan Adobe Dreamweaver Dan Php Mysql*.

Madcoms. 2011. *Aplikasi Database Dengan Menggunakan Dreamweaver dan Php MySQL*.

Rusman. 2013. *Belajar dan Pembelajaran Berbasis Komputer*. Bandung: Alfabeta.

Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan Kombinasi (Mixed Method)*. Bandung: Alfabeta.

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian dan Pengembangan Research and Development*. Bandung: Alfabeta..

Surjono, H. D. 2011. The Design of Adaptive E-Learning System based on Student’s Learning Styles. *International Journal of Computer Science and Information Technologies*, 2(5), 2350–2353.

Suryani. 2016. Ngundhakake Katrampilan Nulis Teks Pawarta Lumantar Media Foto Sawenehe Kagiyatan Siswa Kelas VII D SMP N Sukomoro Taun Pamulangan 2015/2016. *Volume 1 Nomor 1*.